Барлық еллердиң пролетарлары, бирлесиңиз!



ЖАС ЛЕНИНШИ



Газета 1931 жыл 13 февральдан шыға баслады. ◆ ӨЗБЕКСТАНЛКСМ ҚАРАҚАЛПАҚСТАНОБКОМЫНЫҢ ОРГАНЫ ◆ БАҲАСЫ 2 ТИЙИН

КПСС ОРАЙЛЫҚ КОМИТЕТИНИҢ ПАРТИЯНЫҢ XXVIII СЪЕЗДИНЕ ПЛАТФОРМАСЫНЫҢ ЖОЙБАРЫ ҲАҚҚЫНДА

КПСС Орайлық Комитети пленумының 1990 жыл 7—февральдағы қарары

1. Пленум қатнасыўшыларының додалаўларын ҳәм ескертиўлерин есапқа алып, КПСС Орайлық Комитетиниң партияның XXVIII съездине платформа жойбары мақуллансын.

2. КПСС Орайлық Комитетиниң партияның XXVIII съездине платформа жойбары партия шөлкемлеринде, коммунистлердиң ҳәм барлық мийнеткешлердиң арасында кеңнен додалаў ушын баспа сөзде жәриялансын.

ЛИТВА КОМПАРТИЯСЫ XX СЪЕЗДИНИҢ ҚАРАРЛАРЫ ҲАҚҚЫНДА

КПСС ОРАЙЛЫҚ КОМИТЕТИ ПЛЕНУМЫНЫҢ 1990 ЖЫЛ 7 ФЕВРАЛЬДАҒЫ ҚАРАРЫ

1. КПСС Орайлық Комитетиниң Пленумы Литва Компартиясының XX съезди қабыл еткен қарарларды Советлер Союзының Коммунистлик партиясы менен оның шөлкемлестириў—сиясий байланысларын үзиў деп қарайды.

Пленум бундай ҳәрекетлерди қаралайды, өйткени бул ҳәрекетлер КПСС тиң бирлигин ыдыратады ҳәм совет федерациясын жаңалаў процесслерин, улыўма жәмийетке үлкен зәлел келтиреди.

2. Пленум Литва Компартиясының (КПСС платформасындағы) ўақытша Орайлық Комитетин дүзген, интернационализм принциплерине садық болып қалған, демократияластырыў ҳәм бизиң көп миллетли аўқамымыздың барлық жәмлестириўши КПСС ти жаңалаў жағдайларында революциялық қайта дүзиўлерди әмелге асырыў ушын ҳәрекет етип атырған Литва коммунистлерин қуўатлайды.

Пленум Литва Компартиясының (КПСС платформасындағы) ўақытша Орайлық Комитетине өзиниң әмелий жумысында барлық зәрүрли болған жәрдем көрсетиўди ҳәм буның ушын тийисли материаллық ҳәм финанс жағдайларын дүзиўди КПСС Орайлық Комитетиниң Сиясий бюросына тапсырады.

3. Пленум Литваның өз алдына уйымласқан Компартиясына кирген литвалы жолдасларды Литва Компартиясы XX съездиниң КПСС Программасы менен Уставының ҳәрекетлерине байланыслы болған қарарларын КПСС XXVIII съездине дейин тоқтатыўға ҳәм усы тийкарда КПСС платформасында турған Литва Компартиясы менен бир қатарда КПСС XXVIII съездине делегатлар сайлаўға шақырады.

Пленум Литва коммунистлерин КПСС Орайлық Комитети платформасының съезд алды жойбарын додалаўға қосылыўға, Литва халқының бизиң пүткил көп миллетли мәмлекетимиздиң тәғдири ушын, революциялық қайта қурыўдың тәғдири ушын өзиниң тарийхый жуўапкершилигин түсиниўге шақырады.

ЖАЎЫНГЕР—ИНТЕРНАЦИОНАЛИСТЛЕР МЕНЕН УШЫРАСЫЎ

Усы жыл 15 февральда совет әскерлериниң шекленген контингентиниң Афганстан Демократиялық республикасынан алып шығылғанлығына бир жыл толады. Усы сәне алдынан автономиялы республика районларында жаўынгер интернационалистлер менен ушырасыўлар өткерилип атыр.

Нөкис районында болып өткен усындай ушырасыўды ӨзКП райкомының биринши секретары А. Реймов ашты. Ушырасыўда совет органлары, хожалық басшылары жаўынгер интернационалистлерге ислеnип атырған ғамхорлықлар ҳаққында айтып өтти.

Ушырасыўға қатнасып атырған жаўынгер-интернационалистлер шығып сөйлеп, өзлериниң тилек, усынысларын билдирди, шешилиўи тийис проблемаларға тоқтады.

Ушырасыўда ӨзКП Қарақалпақстан обкомының бөлим баслығы Ф. Я. Аюпова қатнасты ҳәм шығып сөйледи. Сондай-ақ ушырасыўға ҚҚАССР Министрлер Советиниң председателиниң орынбасары В. А. Юсупова қатнасты.

Ушырасыўдан соң райондағы запастағы жаўынгерлер советиниң шөлкемлестириўши конференциясы болды. Советтиң басшы органларын сайлады.

* * *

Қоңырат районлық партия комитети бюро ағзалары, совет ҳәм хожалық басшыларының жаўынгер-интернационалистлер менен болған ушырасыўында ӨзКП Қарақалпақстан обкомының секретары Д. Н. Шәмшетов қатнасты ҳәм шығып сөйледи.

Партия хожалық активи жыйналысы

10 февральда автономиялы республика баспа сөз хызметкерлериниң партия хожалық актив жыйналысы болды.

Қарақалпақстан АССР баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң председатели К. Досымбетов өткен жыл жуўмақлары ҳәм келешектеги ўазыйпалар ҳаққында доклад жасады.

Усы комитеттиң планластырыў бөлиминиң баслығы Г. С. Харитонова улыўма экономикалық көрсеткишлер бойынша билдириў менен шығып сөйледи.

Жыйналысқа ӨзССР баспа сөз бойынша комитетиниң председатели У. А. Абдураззақов ҳәм ӨзКП Қарақалпақстан обкомының секретары Ш. У. Уснатдинов қатнасты ҳәм шығып сөйледи.

Актив жыйналысында резолюция қабыл етти.

БИЗИҢ КАНДИДАТЛАРЫМЫЗ

Рысгүл Қабылова

Р. ҚАБЫЛОВА, ВЛКСМ ағзасы, Кегейли районындағы «Кегейли» совхозының рабочийсы, № 142 Маркс сайлаў округинен Қарақалпақстан АССР халық депутатлығына кандидат.



Мен аўыл хожалығында ислеўшы әпиўайы мийнет адамы болғаным ушын да, өзимниң сайлаў алды платформамда тийкарынан ҳаял-қызлардың мәпин гөзлеймен. Әлбетте, өткен тубалаўшылық дәўиринде ҳақыйқатлыққа аз кеўил бөлинди. Сонлықтан да бизиң күн көрисимиз төмен жағдайда болды. Ал, гейпара ҳәмелдарлар болса ойына келгенин ислеп, халыққа жәбир берди ҳәм байлық арттырды. Бирақ, қайта қурыўлардың ҳәўирли самалы басқа да тараўлар сыяқлы халық хожалығы турмысына да өзиниң унамлы тәсирин тийгизди. Үлкен өзгерислер жүз берди. Деген менен сол дәўирден бизге көплеген шешилиўи тийис мәселелер қалды.

Егер мен депутат болып сайлансам халықтың социаллық турмыс жағдайын жақсылаўды өзиме бас ўазыйпа етип қояман. Себеби аўылларда жасаўшы адамлардың мәдений ҳәм социаллық турмыс жағдайлары ҳақыйқатында кеўилдегидей емес. Олар өз мийнетине ылайық ҳақы алмайды. Сондай-ақ, совхоз тәрепинен олар ушын тийисли зәрүрли шәраятлар жаратылып берилмеген.

Энгельс атындағы совхоз ҳәм Жаңабазар аўыл совети территориясындағы мийнеткешлерди турақ жайлар менен тәмийинлеў, олардың жас балалары ушын бақшалар, мектеплер, спорт майданшалары бүгинги күнниң талабына жуўап бермейди. Аўыл араларындағы қатнас жоллар төмен жағдайда. Мине усы мәселелердиң жолға қойылыўы ушын ҳәрекет етемен. Сондай-ақ, газ, суў линияларын әкелиўди тезлетиў күнниң талабындағы нәрселерден есапланады.

Және бир баслы мәселелердиң бири, совхозларда профсоюз, ҳаял-қызлар советлериниң жумыслары талапқа жуўап бермейди. Соның себебинен басшылардың арасында мийнеткешлерге мәтибийлик көз қараслары ушырасады.

Егер депутат болып сайлансам усы мәселелердиң шешилиўинде өзимниң бар уқыбымды жумсайман.

Гүлжәмийла Абдуллаева

Г. Абдуллаева 1963- жылы туўылған, ВЛКСМ ағзасы, Кегейли районындағы Энгельс атындағы совхоздың рабочийсы, № 142 Маркс сайлаў округи бойынша Қарақалпақстан АССР халық депутатлығына кандидат.



Егер мен депутат болып сайлансам, экономикалық реформаны тереңлестириўди, илимий жақтан тийкарланған ҳақыйқый планластырыў жумыслары ушын ҳәрекет етер едим.

Бүгинги күнде аўыл халқының көпшилигиниң гешир, картошка, пияз қусаған өнимлерди қаладан сатып алатуғыны сыр емес. Дурыс, олардың үй қапталы жер майданлары бар, бирақ, соны егип өсириў ушын совхоз тәрепинен кеўилдегидей жәрдем бола бермейди. Оннан қалса, суў мәселеси қыйын болып баратыр. Сондай-ақ, аўыл халқына саўда, медицина, байланыс, турмыс ҳәм мәдений жақтан хызмет көрсетиў талапқа жуўап бермейди. Мысал ушын, мен кандидат етип дизимге алынған округте, яғный «Кегейли» ҳәм Энгельс атындағы совхозларда усы тараўлардың жумысы төмен дәрежеде. Клуб, балалар бақшалары жоқтың қасында. Ең өкинишлиси, бул мәселелерге жетерли кеўил аўдармайды. Соның себебинен жаслар көплеп қалаға кетип қалып атыр.

Бүгинги күнниң баслы мәселеси болған турақ жайлар салыўда талапқа жуўап бермейди. Қурылыс материаллары жетиспейди. Коммуналлық жайлар салыўдың төменлигинен жаңа семьялар басқа жақларға жай излеп кетиўге мәжбүр. Набада совхоз басшылары қурылыс бригадаларын дүзип меншик жайлар салыўды жолға қойғанда бизлер еки тәреплеме утқан болар едик. Бириншиден, жумыссыз жүрген аўыл жасларына жумыс болса, екиншиден, сырттан келип ислеўшилердиң ҳақысына қарағанда арзанырақ түсер еди. Бул мәселелерге қосымша, аўылларда жасаўшы ветеранларға, көп балалы семьяларға дыққатты күшейтиў керек.

Улыўма айтқанда, депутат халықтың исенимли ўәкили. Демек, мен депутат болып сайлансам, бул мәселелерди шешиў ушын бар күш, жигеримди жумсаўды өз ўазыйпам ҳәм миннетим деп билемен.

ҒАМХОРЛЫҚТЫҢ НУР ШАПАҒЫ ТӨГИЛГЕН

«Ең жақсы нәрселер—балаларға!» Бул Ленинлик нәсият бизиң елимизде әмелге асырылып атыр. Ата—анасыз, қәўендерсиз қалған жаслар балалар үйлеринде, мектеп интернатларда тәрбияланып, оқып ҳәм емленип атыр. Хожели қаласындағы Ҳамза атындағы балалар үйи 1988-жылы ҳәзирги заман талабына ылайық жаңа имаратқа көшип орналасты. Бул орында жас әўладлардың оқыўы, дем алыўы, кружокларға қатнаўы, спорт пенен шуғылланыўы ушын барлық мүмкиншиликлер туўдырылған. Солай болса да мектеп интернатларда мүмкиншилиги бар шешилиўи тийис гейпара проблемалар жүз бермекте.

Бүгин газетамызда Хожелидеги балалар үйи, мектеп интернатлар турмысынан материаллар жәриялап отырмыз.

КРУЖОКЛАР

Оқыўдан бос ўақытлары

Балалар үйиниң пионерлери Олег Кошевой атындағы дружинаға бирлескен. Олар 6 отрядқа бөлинип өзлерине тапсырылған жумысларды атқарады. Кишкене үкелерине жәрдем береди. Пионерлер менен оқыўшылар қаладағы Курчатов атындағы, «Октябрьдиң 60 жыллығы» орта мектеплеринде оқыйды.

Тәрбияланыўшылар сабақтан тыс ўақытларында балалар үйинен шөлкемлестирилген ҳәр түрли кружокларға қатнасады. Бул кружокларға қәнигели муғаллимлер басшылық етеди уқыплы жасларға өнер сырларын үйретеди.

К. Сейитниязов сүўрет түсириў ҳәм қол өнери кружогына басшылық етеди. Кружок ағзаларынан Н. Мәмбетниязов, М. Ешимбетов, С. Қурбанбаев, Ш. Нуралиев, Н. Гаиповлар сүўрет түсириўди, тахтадан ҳәр түрли ойыншықлар соғыўды үйренди.

Мийнет бойынша инструктор болып ислеўши З. Ким балалар үйиндеги кийим пишиў ҳәм тигиў кружогин басқарады. Бул кружоктың ағзалары болған Ақмарал Хожабаева, Зарина Хасанова, Тамара Қоянбаева, Зульфия Рейимбаевалар таўардан әйнек ушын перде, балалар ушын фартук, ҳәттеки байрамларда кийетуғын нағышлы костюмларды пишип, тигетуғын болды.

Балалар үйинде талантлы жаслар көплеп табылады. Олар көркем ҳәўескерлер кружогине жәмлескен, оған Н. В. Тян басшылық етеди. Соңғы ўақытта бизде сазенделер ансамбли дүзилди. Ансамбльге С. М. Пак басшылық етип киятыр. Көркем ҳәўескерлер кружогине, сазенделер ансамблине «Аралводстрой» қәнигелестирилген қурылыс бирлеспеси қасындағы оқыў ҳәм дем алыс мәденият үйиниң баслығы, көркем өнер бойынша қәнийге Зыяда Шамуратова қәўендерлик етеди. Ол балалар үйине тез-тез келип турады. Талантлы жасларға қосық айтыўды, ойнаўды үйретип атыр.

Тәрбияланыўшылардан Курчатов атындағы мектептиң 6-класс оқыўшысы Айнаш Тоқымбетова, Зәриўхан Нуржанова, «Октябрьдиң 60 жыллығы» орта мектебиниң 5 класс оқыўшысы Виктория Платоновалар СССР халықларының қосықларын хош ҳаўаз бенен айтады. Сондай ақ Курчатов атындағы орта мектептиң оқыўшылары Доспан Қойшыбаев, Алмат Қыпшақбаев, Ким Мария, Манар Аманқосова, Қамажай Молдабековалар ҳәр түрли халық ойынларын шеберлик пенен атқаратуғын болды.

Балалар үйинде булардан басқа шахмат-шашка, баскетбол, бокс, самбо, гүл өсириўшилик, қоян өсириўшилик кружоклары ислеп тур. Бул орында булардан басқа жас өспиримлер клубы ислейди. Дискотека өткериледи. Клубта бурын балалар үйинде тәрбияланғанлар ўақты-ўақты шақырылып турылады. Олар жас әўладларға аталық нәсиятларын айтады.

Базалық кәрханалардың, қәўендерликке алған мәкемелердиң делегациялары, Нөкис мәмлекетлик университетиниң студентлери, Афганстанда хызмет еткен интернационалист-жаўынгерлер, областьлық комсомол комитетиниң хызметкерлери, ҳәўескерлер кружоклары балалар үйине тез-тез келип турады. Саўғалар тапсырады. Буған бизлердиң кеўлимиз хош.

Балалар үйиниң тәрбияланыўшылары өзлеринде кинофильм көриў мүмкиншилигине ийе, дем алыў бөлмесинде телевизор көреди. Өзлери жасап атырған бөлмелердиң тазалығын сақлайды. Олар тәрбияшы-педагоглардың басшылығында Ўатанымыз ушын ертеңги күни хызмет етиўге өзлерин таярлап атыр.

Рано НӘЖИМОВА,
Ҳамза атындағы балалар үйиниң бас пионер вожатыйы.



СҮЎРЕТТЕ: балалар китапханада. К. СЕЙТНИЯЗОВтың түсирген сүўрети.

ҚАЛЫС ХЫЗМЕТ

Алғыс айтамыз

Қапталында қызыл ҳәрип пенен «Балалар үйине «Искра» студент отрядынан»— деген жазыўы бар арнаўлы автобустан оқыўшылар мектеп алдына түскенимизде, бизлерге көрсетилген усындай ҳүрметке гейпара балалар қуўанса, базы биреўлери иштен қызғанатуғын шығар —деп ойлаймыз.

Бул автобусты бизлерге Нөкис мәмлекетлик университетинен шөлкемлестирилген «Искра» студент отрядының жаўынгерлери инам етти. Олар 1987 жылы жазғы мийнет семестринде қурылыс шөлкемлеринде жигерли мийнет етти. Қурылыста ислеп тапқан қаржысы фондының есабынан В. И. Ленин атындағы Совет балалар фондының басқармасы тәрепинен арнаўлы автобус сатып алып берди.

Автобус балалар үйинде үлкен хызметке жумсалып атыр. Тәрбияланыўшылар усы автобуста Курчатов атындағы ҳәм «Октябрьдиң 60 жыллығы» орта мектепке оқыўға барады. Сабақ питкеннен соң балалар үйине усы автобус пенен келемиз. Автобус пенен оқыўшылар Хийўа қаласына, Нөкистеги үлке таныў музейине, басқа да өндирис орынларына саяхатқа барып қайтады.

Ҳәўескерлер кружогиниң ағзалары районның, қаланың мектеплерине барып концерт көрсетеди. Бизлерге автобус алып бериўге тиккелей жәрдем қолын созған Нөкис мәмлекетлик университетиниң «Искра» студент отрядының барлық жаўынгерлерине айтар алғысымыз шексиз!

Ақмарал ХОЖАБАЕВА.
Зарина ХАСАНОВА.
Света КАЛЯГИНА.
Балалар үйиниң тәрбияланыўшылары, «Октябрьдиң 60 жыллығы» орта мектебиниң 9 класс оқыўшылары.

ҚӘНИГЕНИҢ МИНБЕРИ

ДЕНЕ АЗЫҒЫ



Халқымызда; «музыка—жан азығы, физкультура—дене азағы»—деген даналық сөз бар. Бул сөз жүдә ойланып, пишилип айтылған ҳәм турмыс елегинен өткен. Бизиң мектеп интернатымызда 219 жас әўладлар тәрбияланып атыр. Омыртқасы бир жағына қарап қыйсайған (сколиоз) ул-қызлар емленеди. Мектеп интернатқа өз аяғынан жүре алмаған балаларда қабылланды. Олар пайдалы ем алыўының арқасында ҳәзир жақсы болды. Балалардың бурынғыдан тәўир болғанын көрген ата-аналар врачларға, тәрбияшыларға шексиз алғыс айтпақта.

Улыўма билим беретуғын мектеплерде сабақлар қандай өтилсе бизде де сондай дәрежеде өткериледи. Оқыўшылар билим алыў менен бирге турақлы дем алады. Оларға 6 емлеўши врач, 16 орта маглыўматлы медицина қәнигелери хызмет етеди. Мектеп интернатта физиотерапия, уўқалап емлеў ҳәм тис кабинетлери бар. Кабинетлер медициналық аппаратлар менен тәмийинленген. Емлеўши врачлардан Қыдырбай Илаўов, С. Дәўлетмуратова, Темирғали Нысанов, Рашида Ҳәкимова, медсестралардан Жийенгүл Төренова, Дәрийха Пердебаева, Фатийма Ибрашова, С. Ҳамзаевалар оқыўшыларға емлеў бойынша билимин, жигерин, уқыбын жумсап атыр.

Оқыўшылар бизде наўқасына қарай бекитилген врачлардан ҳәр күни ем алады. Олардың арасында аўырыўына байланыслы ҳәптесине 4 мәртебе, үш рет ем алатуғынлары да бар. Тәрбияланыўшы оқыўшылар күнге 5 рет аўқатланады. Олардың ҳәр бирине 1 манат 99 тийин аўқат ушын жумсалады.

Бизде тәрбияланыўшылар көбинесе физкультуралық шынығыўлардың жәрдеминде емленеди. Бул ушын арнаўлы кабинетлер, залымыз бар.

Енди келешекте мектеп интернатымыздан парафин кабинетин дүзиў ойымызда бар. Бул да жақын күнлерде болады. Районның «Ленин байрағы» колхозы мектеп интернатты қәўендерликке алған еди. Колхоз басшылары соңғы ўақытта бизлерди умыта баслады. Жәрдемин, қол көмегин тийгизбей атыр.

Мектеп интернаттың оқыўшылары ушын жазғы ҳәм қысқы бассейин, рентген кабинети, транспорт машинасы зәрүрли болып тур. Қарақалпақстан АССР халық билимлендириў министрлиги бул өтиниш, тилеклеримизди есапқа алса жақсы болар еди. Себеби, балалар—бизиң келешегимиз болатуғын болса, оларға усы бастан ғамхорлық етип қушағымызды кеңнен ашайық. Сонда ғана оларға қайырлы ис еткен боламыз.

Алишер МАДАМИНОВ,
Хожели қаласындағы № 6 мектеп интернат директорының емлеў жумыслары бойынша орынбасары.

ДИСПУТ

Нан ҳаққында

Ҳиндстанда эрамыздың дәслепки әсирлеринде жынаят еткенлерди белгили ўақытқа шекем нан жеўди қадаған етип жазалаған екен. Минекей, нанның уллылығы. Нанның турмыста қандай баҳалы болғанлығы. Гейпара жаслар нанның қалай нан болғанын, буған қаншама мийнет жумсалғанын биле бермейди.

Жақында мектеп интернатта пионерлердиң, оқыўшылардың қатнасыўында «нанды қәдирлейик» деп аталған темада диспут болып өтти. Онда пионер активистлери нен Жулдыз Сансызбаева, Рәўшан Жуманиязова, Аман гүл Сапарова, Маблуда Худайбергеновалар шығып сөйлеп нанды қәдирлеў ҳаққында айтты. Классиклердиң нан ҳаққында айтқан пикирлерин оқып берди. Оқыўшылар нан ҳаққында арнаўлы альбом таярлады.

Бул өткерилген диспут мектеп интернаттың барлық пионерлеринде, оқыўшыларында бизиң тиришилигимиздиң тиреги, өмиримиздиң өзеги-нанды қәдирлеўге, ҳүрметлеўге пайдалы тәсир қалдырды. Сол ўақыттан баслап олар асханада, басқа орынларда нанның қалдығын, усағын көре қойса дәрриў терип алып мектеп интернаттың асханасындағы арнаўлы қойылған қутыға салатуғын болды. Минекей, нанға болған ҳүрмет. Диспут мектеп интернаттың бас пионер вожатыйы Шолпан Әгимованың басшылығында алдын-ала таярлық пенен өткерилди.

Айгүл САБУРОВА.

№ 6 мектеп интернаттағы дружина советиниң баслығы.

БУНДА ЖАСЛАР ШОҚ КҮЛКИГЕ КӨМИЛГЕН

ҚУЛАҚ ҚАҒЫС

Жәрдем керек

Мектеп интернатымызда ҳәзир мийнеткешлердиң ақылы зайыл 173 ул-қызлары өсип тәрбияланып атыр. Олардың арасында ата-анасы барлары да, жоғы да усырасады. 22 педагог тәрбияшыларымыз соларға тәлим-тәрбия береди. Бул оқыў орны 1988 жылдың 1 сентябринен баслап өз алдына шаңарақ көтерди. Биринши класстан 8 классқа шекем билим алады.

Мектеп интернатымыз республикамыздағы басқа мектеп интернатларға салыстырғанда жүдә басқаша. Интернатымызда химия, физика, шет тили пәнлери сабақ ретинде өтилмейди. Булар оқыўшылардың оқып үйрениўине, оны өзлестириўине аўырлық етеди. Бизде жас әўладларды оқытып тәрбиялаў бирқанша қыйын. Солай болса да бул қыйыншылықты мойынға аламыз. Тийкарғы сабағымыз—жас әўладларды мийнетке тәрбиялаў. Жаслар мийнет етиўге көнлигеди. Олар 8 классты питкергеннен соң өзлериниң қәлеген өндирис орнында, үйренген өнери бойынша мийнет етеди. Бизде тәрбияланғанлар ағаштан ҳәр түрли затлар соға алады. Ясли-бақша балалары ушын стол, стул ҳәм басқа да ойыншықлар соғыў қолынан келеди. Олар сондай-ақ бет қол сыпырғыш, төсек, қалта ҳәм басқа да хожалық ҳәжетине жарамлы буйымларды ислей алады. Булар ушын арнаўлы бөлмелеримиз бар. Сонда оқыўшылар муғаллимлердиң басшылығында өнер үйренеди. Олардың қолынан исленип шыққан буйымлар, затлар жүдә шебер деген қәнигелердиң тиккенинен ҳәм соққанынан қалыспайды. Егер базарға салғанда қарыйдарлар интернат балаларының соққанын тез сатып алар еди.

Жақында интернатымызға 6 тигиў машинасын алдық. Буннан толық пайдаланып атырмыз. 7-класстан Б. Қәлимбетов, М. Дәўлетов, Д. Ибадуллаева, 5-класстан С. Қайыпбергеновалар көйлеклерди пишип тигеди. Тахтадан сулыў етип буйымлар соға алады.

Мектеп интернатымыздағы мийнет сабағының муғаллиминен К. Жетесов, У. Дәлмураева, Ким Тамара ҳәм басқалар жасларға жалықпастан билим өнер үйретип атыр.

Биз бул ислерге мақтанбаймыз. Республикалық жәрдемши мектеп интернаттың жумысларын тағы да жақсылаў ушын шешилиўи тийисли бирқанша проблемалар бар. Мектеп интернаттың имараты төне. Биз өндирис пенен тиккелей байланыста болыўымыз керек. Ҳәзир биз бундай мүмкиншиликке ийе емеспиз.

Бизге бекитилген өндирис кәрханасы, мәкемелердиң қәўендерлиги жүдә аз болып тур. Мектеп интернатқа қаладағы жип ийириў ҳәм тоқымашылық фабрикасы қәўендерлик етиўи керек. Фабрика басшылары бизден хабар алмайды. Ҳәтте олар ушын интернат оқыўшылары 300 дана қалта тикти. Қалтаның сабағын да өзлеримиз таптық. Сол қалталарды тийисли орынлар елеге шекем алып кетпей атыр. Бул қалталарды тигиўге олардың өзлери буйыртпа берген еди.

Қаладағы пахта гезлемеси өндирислик бирлеспеси де бизлерге қәўендерлик етиўши кәрханалардың биринен есапланады. Соңғы ўақытлары оның да жәрдемин көрмедик. Басшылары бизлерди умытқан сыяқлы. Мектеп интернатта оқып тәрбияланғанлар ертеңги күни жоқарыда атлары аталған өндирис орынларында, кәрханаларда мийнет етип қалады ғой. Соның ушын өз қәнигелерине олар жәрдем қолын созыўы керек емес пе?

Мектеп интернаттың оқыўшылары ушын қалалық саўда бөлими тәрепинен азық-аўқат ўақтында бериледи. Сол азық-аўқатларды мектеп интернатларға алып келетуғын арнаўлы транспорт машинасына мүтәжбиз. Тийисли орынлар буған кеўил бөлсе жақсы болар еди.

Жамал ҒАНИЕВА.
Хожелидеги жәрдемши мектеп-интернаттың директоры.





Хожелидеги Ҳамза атындағы балалар үйинде балалардың жақсы оқыўы, дем алыўы бос ўақытларын мазмунлы өткериўине толық мүмкиншиликлер бар. Ол жерде ҳәр бир баланың уқыбын, қызығыўшылығын есапқа алып ҳәр қыйлы жәмийетлик жумысларға, кружокларға тартылады. Усы балалар үйиниң тәрбиялаўышысы Венера Платонова бос ўақытларында спорт пенен шуғылланыўға әдетленген.

Сиз көрип турған сүўретте: В. Платонова.

К. СЕЙИТНИЯЗОВтың түсирген сүўрети.

ҒАМХОРЛЫҚ АДРЕСИ—БАЛАЛАР ҮЙИ

Жәрдем қолын созғанлар

★ «Аралводстрой» қәнигелестирилген қурылыс бирлеспеси Хожелидеги Ҳамза атындағы балалар үйин қәўендерликке алды. Олар өткен жылы балалар үйиниң жаңа типтеги пионер лагерин салыў ушын 25 мың манат қаржы бөлип шығарды.

★ Районның К. Маркс атындағы колхоз балалар үйи ушын бағ егиўге 3,5 гектардан аслам жер ажыратқан болса, № 5 пәт бериўши станция коллективи труба ҳәм басқа да үскенелерден жәрдем берди.

★ Областьлық комсомол комитети де өткен жылы балалар үйинде тәрбияланып атырған 30 оқыўшыға Москваға саяхат ушын 10 күнлик жоллама, 17 оқыўшыға Пүткилсоюзлық пионерлер лагери болған «Артекке» жоллама ажыратты. Областьлық комсомол комитети усы жылдың февраль айында 10 оқыўшыға тағы да «Артекке» барыўға жоллама берип, жолламаның 50 процентине ақша өткерди.

★ Өткен жылы Нөкис әскерий гарнизоны да өзлериниң ақша қаржысы фондының есабынан жәрдем етти.

КИТАП ЖАҢАЛЫҒЫ

ӘДЕБИЯТШЫЛАР—БАЛАЛАРҒА

Бахытлы балалық. Бул жақында «Қарақалпақстан» баспасы тәрепинен басылып шыққан жаңа қосықлар топламының аты. Топламға Қарақалпақстан шайырларының бахытлы балалық, ана—Ўатан, қәдирдан ана, әдеп-икрамлылық, дослық ҳаққында жазылған қосықлары, киши көлемли поэмалары енгизилген. Шығармалар шайырлар тәрепинен көркем шеберлик пенен жазылған. Шадлы дәўран, келешекке талпыныў, балалық әрманлар образлар арқалы тәрийпленеди.

Китаптың гонорары авторлардың өз ырзашылығы менен В. И. Ленин атындағы Совет балалар фонды Қарақалпақстан республикалық бөлиминиң есабына өткерилди. Топламды баспаға таярлаған Бердақ атындағы республикалық сыйлықтың лауреаты, балалар шайыры Халмурат Сапаров. Китапқа баспанның художниги Көшкинбай Рейпназаров көркем етип сүўретлер ҳәм Совет балалар фондының эмблемасын салған.



Биз қосық айтамыз хош ҳаўаз бенен.

МИЛЛИЙ КИЙИМЛЕР

МОДА БАЛАЛАРҒА

Усы жылдың 25—31 марты аралығында В. И. Ленин атындағы Совет балалар фондының басламасы менен Ленинград қаласында «Мода—балаларға» деп аталған балалар үст кийимлери ҳәм аяқ кийимлериниң Пүткилсоюзлық фестивалы өткериледи. Усы фестиваль алдынан В. И. Ленин атындағы Совет балалар фонды Қарақалпақстан республикалық бөлими тәрепинен пайтахтымыздағы пионерлер Сарайында балалар кийимлериниң биринши туры өткерилди.



Жыйналғанларға халқымыздың бурынғы нағыс салынған миллий кийимлериниң үлгилери унады. Жас өспиримлер усы кийимлерди кийип сахнада қосық айтып, ойынлар, ойнады. Программа номерлери рус, қарақалпақ ҳәм қазақ тиллеринде жаңлады.

Бул фестивальдың биринши турына Хожели қаласындағы Ҳамза атындағы балалар үйинде тәрбияланып атырған оқыўшылар да қатнасты. Оларға миллий кийимлер жүдә жарасты. Жас талант ийелери сахнада ойнағанда, қосық айтқанда тамашагөйлер тәрепинен үлкен қол шапатлаўларға миясар болды.

Пионерлер Сарайында балалар үйи тәрбияланыўшыларының шебер қолларынан исленген кийим үлгилериниң көргизбеси болды. Буларды Сарайға келгенлер қызығыўшылық пенен көрди.

— Усы биринши турдың жеңимпазлары—дейди В. И. Ленин атындағы Совет балалар фонды Қарақалпақстан республикалық бөлиминиң бас референти М. А. Кузнецова,—усы айда Нөкисте өткерилетуғын фестивальдың екинши турына қатнасады. Буған республикамыздың барлық қала ҳәм районларынан оқыўшылар шақырылады. Бул турдың программасы кең ҳәм қызықлы болады.

СҮЎРЕТТЕ: көргизбеден көринислер.

Мақалаларды таярлаған: Х. САПАРОВ.

БАЛАЛАРҒА САЎҒА

Таўды көрдим

Самарқандқа барғанда
Таўды көрдим,
Қалай бийик болған деп,
Қарай бердим.

Сораў бердим ағама,
Қалай бийик?
Төбелери турғандай
Бултқа тийип.

Ағам айтты таў деген
Усы балам,
Бийик ҳәм үлкенлиги
Жумбақ маған.

Мен ойладым сол таўдан,
Үлкен зат жоқ.
Жигит болсам сол таўдай
Бийик ҳәм шоқ.

Атахан ХОЖАНБАЕВ.

Танысыңыз; Абатбай Кирқабақов



Жойтылған қосық

Қосығымды жойтып алдым
Излеп излеп таба алмадым.
Жазайын деп көрип едим
Ондай қосық жазалмадым.

Қосық деген илҳам қусы
Селтең берсең ушып кетер.
Көркем сөздиң болар күши
Кеўиллерди тебирентер.

Бир әжайып қосық жазып
Өкинемен жойтқаныма.

Жойтқан қосық кимге азық.
Ким исенер айтқаныма?

Жойылтқаным табылғанда
Бағым мениң жанармеди.
Оны оқып оқыўшым да
Рәҳәтленип қалармеди?

Үмитленип гәде налып,
Жойтқаныма қысынаман.
Күт оқыўшым, таўып алып
Қосығымды усынаман!

Қол шаппатлаў

Қол шаппатлап киятырмыз,
Жетпис жылдан берман қарай,
Лениннен соң келип кетти
Басымызға басшы талай.

Гей ўақлары ойланаман
Қол шаппатлаў қайдан шыққан?
Тап меникше дәслеп оны
Жарамсақлар ойлап тапқан.

Бара-бара дәстүр болып,
Ҳәмме бирден шаппатлаған,
Залым басшы тутымында
Шаппатсызды көп сотлаған.

Қол шаппатлап киятырмыз,
Алақанлар жанғанынша,
Дурыс болсын, надурыс болсын,
Қабыл еттик қарар қанша?!

Көп ойланып, көп толғанып,
Көп нәрсеге көзим жетти,
Себеп бизден қайта қурыў
Усыларды талап етти.

Көзди жумып қол шаппатлаў
Қалып барар өтмиш таман.
Енди қайтып тиклене жақ
Ленин дүзген ғийық заман.

ТҮРЛИ—ТҮРЛИ МИНЕЗ БАР

Гейбиреўди иш тартып.
Сөйлескиң келип турады.
Ал, ол болса гәрдийип
Жүзин сеннен бурады.

Кеше таныс биреўлер
Бүгин кеўли арыдай.
Паспортыңды сорайды
Кеңсесинде танымай.

«Тарың пискен» гезинде
Мақтар ҳәтте жатың да,
Қояр сениң атыңа
Перзентиниң атын да.

Түрли-түрли минез бар,
Түсинбейсең бәрине.
Жоқ болса екен минезлер
Зәриў етер дәриге.

Қүдиретли қурал

Роберт ШЕКЛИ

ФАНТАСТИКАЛЫҚ ГҮРРИҢ

— Парк, сен олардың не дегенин еситтиң бе? Еситтиң бе? Олар мени өзлериниң көсеми деди! Бундай жаўынгерлер менен... —ол күлди. Бундай жаўынгерлер менен, бундай қурал менен оны ҳеш нәрсе де ирке алмайды. Аўа, ол өзи патшалық қуратуғын елди сайлап алады Дүньядағы ең сулыў қызларды да, әне сонда ол мәсликти қурады...

— Мен генералман! —деп бақырды Эдсель ҳәм дуўлығаны басына кийди.

— Қалай, маған жараса ма, Парк? Усайман ба мен...

Ол үндемей қалды Оған қандай да бир адамның бир нәрселәрди сыбырлап, гүбирлегени еситилди. Бул не?

...нәлетий ақмақ! Өзине патшалық ойлап ғаўыптымыш. Бундай бийлик—бул гений адам ушын, тарийхты қайта ислеўге қүдирети келетуғын адам ушын Мениң ушын!

— Ким бул сөйлеп атырған?

Эдсель күтилмегенде бирден дуўлығаның жәрдеминде басқалардың пикирин есите алатуғынын түсинди, бирақ дүнья жүзилик бийлик ушын бунық қандай қурал болыўы мүмкин екенлигин түсинип жетиўге ўақты қалмады.

Пухталық пенен Парктың атқан оғы оның басын тесип шықты.

— Не деген жарымес!—деп ойлады ишинен Парк дуўлығаны кийип атырып.—Патшалық! Бул манда дүнья бийлиги жатыр, ал ол болса қандай да бир бийтлеп кеткен патшалық ҳаққында әрман етеди.—Ол қайрылып үңгирге қарады.

«Бундай жаўынгерлер, күш майданы ҳәм барлық қурал менен пүткил дүньяны бағындыраман». Ол тап солай болатуғынын билгенликтен бул ҳаққында жай-парахат ойлады.

Ол Синтетлерди ҳәрекетке келтириў ушын кейнине қайтпақшы болып еди, бирақ тоқтады ҳәм Эдсельдиң қолынан түсип кеткен кишкене қара қутышаны көтерип алды.

Оның қақпағына марслылардың шалт жазылатуғын ҳәриплери менен «қүдиретли қурал» деп ойып жазылған еди.

— Бул нени аңлатыўы мүмкин?—деп ойлады Парк. Ол Эдсельге қуралды сынаў ушын керек болған ўақыт көлеминде ғана жасаў мүмкиншилигин берди. Тағы бир мәрте тәўекел етиўде ҳеш бир мәнис жоқ. Әттең, ол буны да сынаўға үлгере алмады.

Айтпақшы, бунық кереги жоқ. Олсыз да онда қарқыйлы қураллар жеткиликли. Бирақ мине мынаў, соңғысы мәселени жеңиллестириўи, оны анағурлым қәўипсизирек етиўи мүмкин. Оның ишинде не болмасын, бул оған, гүман жоқ, жәрдем етеди.

— Қәне, —деди ол өз-өзине, —келши бир көрейик, марслылардың өзлери нени қурал деп есаплайды екен.—ҳәм қутышаны ашты.

Оннан жеңил пуў шыға баслады. Парк қутышадағы зәҳәрли газ шығар деп қәўипсинип оны узағырақ шыңғытты.

Пуў тикке жоқарыға ҳәм әтирапларға атлығып аға берди де, соңынан ол қойыўлана баслады. Булт енлеп, өсе берди ҳәм қандай да бир белгили қәлипке келе баслады.

Бир неше секундтан соң ол өзиниң ақырғы ҳалына келди ҳәм қутышаның үстинде әўдийип қатып қалды. Батып баратырған күнниң жарығында булт металлдай жарқырап тур. Парк бунық кирпик қақпайтуғын еки көзлериниң астына жайласқан күтә үлкен аўыз екенлигин көрди.

— Ҳо-ҳо!—деди аўыз.—Протоплазма!— Ол Эдсельдиң лашына қарай ҳәрекет ете баслады.

Парк қолындағы отлы қуралды көтерди ҳәм пухталық пенен гөзледи.

Жай-парахат протоплазма,—деди бәлемат, Эдсельди жеп атырып.— Маған жай парахат протоплазма унайды.— ҳәм бәлемат Эдсельди тутасы менен жутып жиберди.

Парк атты. Жарылыў, жерде ени он табанлық шуқанақты пайда етти. Оннан бәламат аўыз жүзип шықты.

— Пай узақ күттим-аў мен!—деди аўыз.

Парк Эдсельдиң Факсонды атып өлтирген пистолетине жабысты ҳәм оның сабы услаўға қолына қайым екенлигин сезди. Бәлемат жақынласып келе берди. Парк тепкини басты, пистолеттен дуп-дузиў нур ушып шықты...

Бәлемат жақынласыўын даўам етер еди.

— Жоғал, көринбе!—деп шыңғырды Парк. Оның нервлери үзиле баслады.

Бәлемат қорқынышлы мыйық тартып, жақынласып келе берди.

— Маған жай парахат протоплазма унайды.—деди ол ҳәм бәлемат аўыз Парктың үстине келип жабылды.—бирақ маған шаққан протоплазма да унайды.

Ол жутынды ҳәм соңынан күш майданының басқа диўалы арқалы жүзип өтти де, бунная ертеертелерде болғанындай-ақ миллион-миллион жаңа жутқанындай протоплазма бирликлерин излеп, дөгерекке бурылып қарап кете берди.

Аўдарған; Ә, МӘМБЕТКӘРИМОВ

(Даўамы. Басы өткен санларда)

Жыл жуўмағы

Қарақалпақ совет әдебиятында жанрлары бойынша соңғы жыллары әдеўир алға илгерилеўшилик байқалмақта. Жазыўшы—шайырлардың китаплары өз алдына «Қарақалпақстан» баспасынан басып шығарылмақта. Көрнекли қәлем ийелери менен бир қатарда жас жазыўшыларда табыслы ислемекте. Олардың дөретпелери де топлам болып оқыўшыларға инәм етилип атыр.

Жазыўшы К. Мәмбетов «Ҳүждан», Т. Халмуратов «Питне», Ш. Сейтов «Халқабад» (роман эпопеясының үшинши ҳәм төртинши жуўмақлаўшы китабы) романын китап оқыўшыларға саўға етти. Жазыўшыларымыз булардан басқа повесть ҳәм гүрриңлер дөретти. Жас жазыўшы М. Нызановтың «Адам күлдиргени ушын... ямаса «айыпкер» диң алты хаты» деп аталған юморлық эссеси «Қарақалпақстан» баспасы тәрепинен өз алдына китап болып шығарылды.

Шайырларымызда поэзия ышқыпазлары ушын бирқанша қосықлар, поэмалар дөретти. Олардың қатарында Ж. Аймурзаев, Т. Жумамуратов, И. Юсупов, М. Сейитниязов, К. Рахманов С. Пиржанов, Ж. Избасқанов, Т. Сәрсенбаев, жаслардан С. Ибрагимов, Ш. Аяпов, К. Кәримов, М. Бердиев ҳәм басқада жолдасларды атап өтиўге болады. Әдебияттың қайсы жанры болсада бәри де аңсатлық пенен дөретилмейди. Бунық үстинде жазыўшы-шайырлар творчестволық «азаплы» жолында мийнет етеди. Ойлапады, изленеди. Оқыўшыға тәўир «дүнья» саўға еткиси келеди.

Өткен ҳәптениң пийшембисинде әдебиятшылар ҚҚАССР Жазыўшылар Аўқамына ҳәр жылғы дәстүрге айналған әдебий жылдың жуўмағына бағышланған жыйналысқа келди. Жыйналысты ҚҚАССР Жазыўшылар Аўқамы басқармасының баслығы Т. Қайыпбергенов кирис сөз бенен ашты. Буннан соң әдебиятшылар алдында филология илимлериниң докторы С. Баҳадырова—прозаның ири жанры, жазыўшы Ә. Атажанов—прозаның киши жанры бойынша баянлама жасады.

Сондай ақ филология илимлериниң кандидатлары Ж. Хошниязов—поэзия, Ж. Есенов—әдебий критика, Қарақалпақстан халық жазыўшысы Х. Сейтов—балалар әдебияты, театр изертлеўшиси Б. Турсынов—драматургия бойынша, Нөкис мәмлекетлик университетиниң оқытыўшысы С. Насыров рус әдебияты ҳәм қарақалпақ жазыўшыларының рус тилине аўдарылған шығармалары жөнинде, аспирантка Ҳ. Өтемуратова «Әмиўдәрья» журналында өткен жылғы жәрияланған шығармаларға шолыў жасады.

Жанрлар бойынша баянлама жасағанлар өткеп жылы жарық көрген шығармалардың жетискенлигин, айрымларындағы ушырасқан кемшиликлерди көрсетип өтти. Баянламалар бойынша жарыс сөзлерге филология илимлериниң кандидатлары Т. Мәмбетниязов, Г. Есемуратов. Қарақалпақстан халық шайыры И. Юсупов, жазыўшы Г. Есемуратова шығып сөйлеп әдебият бойынша өз пикирлерин ортақласты.

Өткен әдебий жылдың жуўмағына арналған жыйналысқа ӨзКП обкомының секретары Ш. Уснатдинов қатнасты ҳәм әдебиятшылардың алдағы ўазыйпалары ҳаққында шығып сөйледи. Жыйналыстың аяғында Т. Қайыпбергенов жуўмақлаў сөз сөйледи. Жазыўшыларды жаңа көркем шығармалар дөретиўге шақырды.

Редактор К. РЕЙМОВ.

ЖАС ЛЕНИНШИ

742000 НӨКИС ҚАЛАСЫ, К. МАРКС КӨШЕСИ № 9.

ТЕЛЕФОНЛАР: Редактор 2—20—21, жуўаплы секретарь 2—20—23, бөлимлер 2—20—25, машникалар бюросы. 4—39—66.

Қарақалпақстан АССР баспа полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң Нөкистеги «Правда»ның 50 жыллығы» полиграфкомбинаты.

Заказ 513. ИНДЕКС 64612. Тиражы 28415 РК 32140